# Го бaькkхина лам бу ала

**Го бaькkхина лам бу ала,**
**Цу ламанца со ю ала.**
**Со езначу жимчу к1анте,**
**Ламанца ладог1а ала. 2р**

**Суьйре, 1уьйре т1еян йоьлчи,**
**Со йиц ма йе ала цуьнга.**
**Шийлачохь мохо к1ажарж ловзош,**
**Лаьмнаш юккъехь со ю ала. 2р**



**Буто бина ша бу ала,**
**Ша т1ехь лаьтташ со ю ала.**
**Ша бохийна, хи ца оьцуш,**
**Сайн хьомениг варе хьоьжуш. 2р**

**Шийла хьоькхуш мох бу ала,**
**Мохца хьийзош дарц ду ала.**
**Дарцехь лаьтташ со ю ала.**
**Со д1а йига вола ала. 2р**

**Со сайн даш т1ехь ю бах ала,**
**Некъа хьовзам хир бац ала.**
**И воцчуьнга со ца йоьду,**
**Со д1а йига вола ала. 2р**

**Ламанца некъ вон бу але,**
**Соь балур бац и некъ але.**
**Бехказлонаш ма йе ала,**
**Со д1айига вола ала. 2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)